दिन–शुक्रवार दिनांक–06.03.2026

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी कहलनि जे कृषि भारतीय अर्थव्यवस्थाक रीढ़ अछि आ दीर्घकालिक विकास यात्राक महत्त्वपूर्ण स्तंभ अछि। कृषि आ ग्रामीण परिवर्तन विषय पर बजट उपरांत वेबिनार के वीडियो कॉन्फ्रेंस के माध्यम सँ संबोधित करैत श्री मोदी कहलनि जे सरकार कृषि क्षेत्र के मजगूत करबाक लेल नियमित रूप सँ कतेको डेग उठौलक अछि। ओ जनौलनि जे एहि वर्षक केन्द्रीय बजट मे कृषि आ ग्रामीण परिवर्तन के मजगूती देल गेल अछि। श्री मोदी कहलनि जे भारत मे एखन खाद्यान्न, दलहन आ तिलहनक रिकॉर्ड उपज भऽ रहल अछि। प्रधानमंत्री मोदी रसायन मुक्त खेती आ प्राकृतिक खेती के सुदृढ़ करबाक संग निर्यात पर विशेष ध्यान देबा पर जोर देलनि। प्रधानमंत्री मोदी कहलनि जे सरकार तीन करोड़ लखपति दीदी तैयार करबाक लक्ष्य सफलतापूर्वक प्राप्त कऽ लेलक अछि आ दू हजार उनतीस धरि तीन करोड़ आओर लखपति दीदी तैयार करबाक लक्ष्य राखल गेल अछि।

---

बिहारक पाँच सीट सहित देशक सैंतीस राज्यसभा सीटक लेल नामांकन पत्रक जाँच आइ कयल गेल। उम्मीदवार नओ मार्च धरि अपन नाम वापस लऽ सकैत छथि। एहि सीटक लेल मतदान सोलह मार्च कऽ होयत। परिणाम ओही दिन घोषित कयल जायत । बिहारक पाँच सीटक लेल मुख्यमंत्री नीतीश कुमार संग कुल छओ उम्मीदवार नामांकन पत्र दाखिल कयलनि अछि। एहि मे मुख्यमंत्री नीतीश कुमार के अतिरिक्त भाजपाक राष्ट्रीय अध्यक्ष नितिन नवीन, प्रदेश महासचिव शिवेश कुमार, जदयूक वरिष्ठ नेता आ केन्द्रीय मंत्री रामनाथ ठाकुर आ राष्ट्रीय लोक मोर्चाक राष्ट्रीय अध्यक्ष उपेन्द्र कुशवाहा सम्मिलित छथि। ओतहि, राजदक दिस सँ सांसद अमरेन्द्रधारी सिंह सेहो अपन नामांकन पत्र दाखिल कयलनि अछि।

---

राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मु बिहार सहित आठ राज्य आ केन्द्रशासित प्रदेश मे राज्यपाल आ उप–राज्यपाल के नियुक्ति कयलनि अछि। सेवा निवृत लेफ्टिनेंट जनरल सैयद अता हसनैन

के बिहारक नव राज्यपाल नियुक्त कयल गेल अछि। ओ राज्यपाल आरिफ मोहम्मद खां के स्थान लेताह। भारतीय सेनाक वरिष्ठ अधिकारी रहलाह श्री हसनैन राष्ट्रीय आपदा प्रबंधन सँ जुड़ल काज सभ मे सेहो अपन सेवा देलनि अछि। एम्हर, बिहार विधानसभाक पूर्व अध्यक्ष नंद किशोर यादव के नगालैंड के राज्यपाल नियुक्त कयल गेल अछि। ओतहि, तमिलनाडुक राज्यपाल आर.एन. रवि के पश्चिम बंगालक राज्यपाल बनाओल गेल। श्री रवि पटना जिलाक बिहटाक मूल निवासी छथि।

———————————————————————————

पटना स्थित जदयू प्रदेश कार्यालय मे आइ निवर्तमान प्रदेश अध्यक्ष उमेश कुशवाहा नव प्रदेश अध्यक्षक पद के चुनावक लेल अपन नामांकन पत्र दाखिल कयलनि। एहि दरमियान केन्द्रीय मंत्री रामनाथ ठाकुर सहित राज्य मंत्रिमंडलक कतेको मंत्री आ नेता उपस्थित छलाह। प्रदेश अध्यक्ष पदक लेल एखन धरि मात्र उमेश कुशवाहा नामांकन कयलनि अछि।

———————————————————————————

संघ लोक सेवा आयोग—यूपीएससी आइ सिविल सेवा परीक्षा दू हजार पच्चीसक अंतिम परिणाम जारी कऽ देलक अछि। कुल नओ सय अंठावन उम्मीदवार के विभिन्न केन्द्रीय सेवाक लेल चयन कयल गेल अछि। प्रदेशक मुजफ्फरपुर जिलाक सरायगंज के रहयवला राघव झुनझुनवाला आल इंडिया रैंकिंग में चारिम स्थान प्राप्त कयलनि अछि। एम्हर, वैशालीक उज्ज्वल प्रियांक के ऑल इंडिया रैंकिंग में दसम आ औरंगाबादक मोनिका श्रीवास्तव सोलहम स्थान प्राप्त कयलनि अछि आओर नवादाक दृष्टिबाधित रवि राज के रैंकिंग में बीसम स्थान भेटल अछि। संगहि, समस्तीपुर जिलाक मोहिउद्दीननगर प्रखंड स्थित राजाजान गाम के अभिषेक कुमार के एक सय दू जखनकि ताजपुर प्रखंडक कोठिया गाम निवासी आयुष कुमार के रैंकिंग में एक सय तैंतालीसम स्थान प्राप्त भेल अछि। आयोगक अनुसार तीन महिला परीक्षार्थी टॉप टेन में अपन स्थान सुनिश्चित कयलनि अछि। ओतहि, राजस्थानक चितौरगढ़ स्थित रावतभाटाक अनुज अग्निहोत्री प्रथम रैंक प्राप्त कयलनि अछि।

———————————————————————————

नेपाल मे आम चुनावक लेल चलि रहल मतगणना मे राष्ट्रीय स्वतंत्र पार्टी एक सय दू सीट पर जीत दर्ज कऽ लेलक अछि। हमर संवाददाता जनौलनि जे गगन थापाक नेपाली कांग्रेस एगारह आ कम्यूनिस्ट पार्टी ऑफ नेपाल–यू.एम.एल नओ सीट पर आगां अछि। पुष्प कमल दहल के एन.सी.पी दस सीट पर आगां चलि रहल अछि। नेपाल मे प्रतिनिधि सभाक लेल काल्हि भेल मतदान मे लगभग साठि प्रतिशत भोट खसाओल गेल।

---

समाप्त भेल